

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi anu judulna “Ajén Éstétika dina Tari Umbul pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di Kelas XII SMA”. Ieu panalungtikan nyokona kana pedaran ajén éstétika dina Tari Umbul. Metode ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun métode déskriptif kualitatif jeung make téhnik talaah pustaka, wawancara, obsérvasi jeung dokumentasi. Dina proses panalungtikan aya sawatara hal anu kapanggih di antarana: sajarah jeung kamekaran Tari Umbul, ajén éstétika nu nyangkaruk dina Tari Umbul jeung larapan hasil panalungtikan Tari Umbul pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Kelas XII SMA.

Tari Umbul di Kabupatén Sumedang aya dua vérsi anu sumebar di masarakat, nya éta vérsi Kecamatan Paséh jeung Kecamatan Situraja. Nurutkeun narasumber ti Kecamatan Paséh, Tari Umbul mimiti asup dina taun 1940-an di Désa Cijambé, Dusun Parugpug nu dibawa ku seniman Indramayu nya éta Aki Kalsip. Aki Kalsip mangrupa inohong anu parigel dina widang kesenian hususna dina lais jeung réog. Biasana jaman baheula mah, Tari Umbul aya dina pintonan réog jeung longsér, nalika pintonan lumangsung Tari Umbul sok aya di awal, tengah-tengah atawa akhir pintonan. Tari Umbul ieu tuluy dimekarkeun ku Ma Isrem, nénéhna Ma Jaér minangka seniman anu aya di Dusun Parugrug. Mimitina kasenian Tari Umbul dipagelarkeun dina acara Longsér. Kostumna nganggo kabaya bodas, calana hideung, dodot, maké sanggul paageung-ageung tuluy ditalian ku kaén, jeung teu maké kacamata.

Dina pintonan Tari Umbul aya tilu hal anu kudu diperhatikeun nya éta saméméh pintonan, gelarna pintonan jeung sabada pintonan. Dina saméméh pintonan para penari ngalakukeun gladi bersih heula. Dina gelarna pintonan Tari Umbul aya opat hal anu penting dina Tari Umbul nya éta ngawengku wiraga,

wirahma, wirasa jeung wirupa. Dina wiraga ngawengku téhnik, wangun gerak di antarana aya 10 gerakan nya éta geber sampur, kiprah, mincid tepak bahu, mincid lontang kembar, gilek tumpang tali, nyawang katuhu, kénca jeung kembar, maju mundur, Umbul Situraja, besotan, sarta Umbul Paséh, pola lantai jeung ritme. Dina wirahma ngawengku seni sora jeung seni tabeuh. Dina wirasa patali jeung éskprési atawa pengahayang penarina. Sedengkeun wirupa patali jeung raksukan sarta riasan anu dipaké ku penari.

Aya ajén éstétika anu nyampak dina Tari Umbul. Ajén éstetika kabagi akan dua nyaéta ajén éstétis murni jeung ajén ékstra éstétis. Ajén éstetis murni ngawengku raga penari, gerak, pola lantai anu kaasup kana wiraga, seni sora nyaéta judul lagu Umbul “Béntang Lima” seni tabeuh nu mangrupa waditra anu asup wirahma, sarta éksprési anu patalina jeung wirasa. Sedengkeun ajén ékstra éstétis atawa panambah nya éta ngawengku raksukan jeung riasan anu kaasup kana wirupa jeung alam sabudeureun Kujang Sapasang.

Ajén éstétika dina Tari Umbul anu asalna ti Kabupatén Sumedang bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran, hususna dina matéri maca artikel budaya di kelas XII SMA anu luyu jeung Kurikulum 2013 anu disaluyukeun jeung Kurikulum Merdeka.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan aya sawatara saran pikeun kamekaran Tari Umbul di Kabupatén Sumedang dina dunya panalungtikan. Ieu saran ditujukeun pikeun, mahasiswa, guru, pamaréntah, jeung masarakat.

1. Pikeun mahasiswa dipiharep bisa neuleuman leuwih jero ngeunaan Tari Umbul jeung kasenian séjenna ku ngagunakeun tiori nu teu remen dipaké. Salianti éta masih aya kasenian di Sumedang nu teu acan ditalungtik, ku kituna ieu jadi kasempetan pikeun para mahasiswa nu baris ngayakeun panalungtikan.
2. Guru dipiharep bisa ngawanohkeun kasenian ieu ngaliwatan dunya atikan galiwatan matéri boh Basa Sunda boh dina pangajaran Seni Budaya luyu jeung Kurikulum nu lumaku nya éta dina Kurikulum 2013 nu geus dirévisi nu disaluyukeun jeung Kurikulum Merdeka. Sahingga lain ukur dipikawanoh ku

masarakat Sumedang hungkul tapi bisa dipikawanoh ku masarakat sa-Jawa Barat.

3. Pamaréntah méré kawijakan pikeun para seniman anu nepi kiwari terus ngamumulé rupaning kasenian ku cara nurunkeun élmuna ka para nonoman ku teu miharep balesan sacara komersial. Perluna rojongan ti pamaréntah satempat pikeun ngarojong ieu kasenian sangkan leuwih mekar di tingkat internasioal.
4. Masarakat dipiharep bisa terus ngamumulé ieu kasenian ku cara ngaaprésiasi jeung ilubiung dina acara kasenian hususna dina Seni tari.